

BAB I

BUBUKA

A. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa alat komunikasi pikeun hirup manusa. Lantaran basa, manusa bisa komunikasi antara hiji jalma jeung nu séjénna. Kaayaan masarakat dicirian ku ayana basa nu hirup di masarakat. Basa mangrupa sarana mekarkeun komunikasi di lingkungan kulawarga jeung masarakat. Ku ayana basa manusa bisa ngedalkeun eusi haténa. Lantaran rasa nu kadang sajalan jeung basa.

Basa nu dipaké ku urang nu aya di Jawa Barat nya éta basa Sunda. Basa nu panglobana dipaké ku masarakat Indonesia dibandingkeun basa séjénna. Salaku masarakat Sunda kudu bisa ngajaga basana. Basa Sunda mangrupa salashiji gambaran masarakat Sunda, mun basana dijaga berarti masarakatna masih ngajaga budayana.

Budaya Sunda mekar di masarakat mimitina ngaliwatan budaya lisan. Tradisi nu geus nyampak di masarakat Sunda, umumna ditepikeun dina média lisan. Sababaraha karya nu mimiti mekar ngaliwatan média lisan nya éta dongéng, kakawihan, mantra, carita pantun, sisindiran, jeung pupujian. Sabada aya pangaruh Walanda, nu dimimitian ku para sarjana jeung misionaris Walanda, lalaunan sastra lisan téh diterbitkeun. Tujuan penerbitan dina basa Sunda harita nya éta pikeun nyumponan pangabutuh buku di sakola-sakola dasar. Saacan aya penerbitan sastra lisan, aya ogé sababaraha naskah nu mangrupa bukti karya tulis dina jaman baheula.

Kaayeunakeun, lain ngan ukur buku pikeun bahan pangajaran wungkul, tapi aya ogé surat kabar, koran, majalah nu diterbitkeun. Ku ayana koran, surat kabar, majalah urang bisa meunang informasi ngeunaan kajadian nu aya di masarakat. Kota Bandung mangrupa salasihiji kota dimana mekarna koran nu maké basa Sunda dina taun 1920an. Surat kabar basa Sunda nu mimiti di Bandung nya éta “Sora Merdeka” pingpinan Moh Sanoesi dina tanggal 1 Mei 1920. Beuki ka dieu beuki mekar ku ayana majalah. Salasihiji majalah nu aya di tatar Sunda nya éta *Manglé* nu ngadeg di Bogor 1 November 1957. Tapi édisi munggaranna mah kaping 21 November 1957, lantaran hal éta katelah lahirna *Manglé* mimiti. *Manglé* mangrupa majalah mingguan nu masih éksis di tatar Sunda nepi ka ayeuna.

Unggal majalah, diwangun ku rubrik-rubrik nu mangrupa ciri éta majalahna, kaasup *Manglé*. Eusi rubrik nu aya dina *Manglé* nya éta:

- 1) tamu/profil : rubrik nu ngawanohkeun tokoh-tokoh,
- 2) nyingraykeun lalangsé ahéng : muat tulisan-tulisan nu dianggap masarakat miboga nilai magis, pengobatan tradisional nu teu ngaleungitkeun ajén-ajén agama,
- 3) lawang sakéténg : bubuka ti rédaksi,
- 4) katurug katutuh : muat tulisan-tulisan masarakat nu katurug musibah,
- 5) koropak : rubrik ti surat pembaca,
- 6) munara cahaya : muat tulisan ngeunaan agama Islam,
- 7) implik-implik : muat tulisan ngeunaan kabiasaan, hiburan atawa kaunikan ti masarakat,

- 8) kingkilaban : ngeunaan berita atawa info, gosip tokoh, artis atawa budayawan Sunda,
- 9) carita pondok (carpon) : eusina kumpulan carita-carita pondok,
- 10) carita nyambung : muat tulisan carita bersambung,
- 11) cartibag (Carita tilu bagian) : muat carita dina tilu bagian tapi teu bersambung,
- 12) kolom : muat karya atawa artikel nu miboga pandangan leuwih kritis, seukeut tur ilmiah,
- 13) manglé alit : rubrik nu muat tulisan barudak nepi ka umur SMP,
- 14) manglé rumaja : rubrik nu dijerona muat tulisan rumaja nepi ka mahasiswa S1,
- 15) katumbiri : rubrik nu muat tulisan berita kamasarakatan, budaya jeung lianna,
- 16) bale Bandung : muat tulisan kritis ngeunaan budaya Sunda,
- 17) sajak : eusina kumpulan sajak-sajak (puisi Sunda gaya modérn),
- 18) dangding : eusina kumpulan dangding (puisi Sunda gaya baheula),
- 19) bahasan : paparan ngeunaan masalah sacara objektif, nu tulisanna mangrupa artikel nu ngawengku masalah ékonomi, lingkungan, pendidikan jeung lianna,
- 20) nyusur galur mapay raratan : muat tulisan ngeunaan sejarah nu aya patalina jeung budaya Sunda,
- 21) barakatak : bobodoran dina wangun tulisan nu pondok, biasana diwangun ku paguneman,
- 22) lempa lempi lemping : rubrik nu muat tulisan patalékan kritis tapi bodor,

23) tarucing cakra : rubrik teka-teki.

Salasihiji rubrik dina *Manglé* nya éta Barakatak, nu eusina mangrupa bobodoran dina wangun paguneman. Dina Standar Kompetensi maca pikeun SMP/ MTs kelas VII aya Kompetensi Dasar maca téks paguneman. Kulantaran kitu dina rubrik *Manglé* nya éta Barakatak nu eusina mangrupa paguneman bisa dijadikeun bahan ajar dina nepikeun matéri maca paguneman. Biasana bahan ajar dicokot tina sumber ajar nu mangrupa buku pakét atawa dina LKS hungkul, tapi di dieu majalah ogé bisa dijadikeun sumber ajar.

Dina jaman kiwari minat siswa kana pangajaran basa Sunda téh kurang. Siswa jaman kiwari hésé dina pangajaran Sunda lantaran dibiasakeun maké basa Indonésia waé di lingkungan imah jeung sakolana. Siswa jarang nu apal pisan kana pamakéan basa Sunda nu bener. Dipiharep guru kudu bisa milih bahan ajar nu bisa ngahudang sumanget siswa dina diajar basa Sunda.

Bahan ajar kudu saluyu jeung kabutuhan siswa tur kudu bisa narik minat siswa pikeun diajar. Ku kituna, bahan ajar nu dicokot tina salasihiji rubrik *Manglé* nya éta Barakatak dipiharep bisa narik minat siswa pikeun maca paguneman. Lantaran lolobana bahan paguneman dina buku pakét atawa LKS, siswa geus bisa maca di imah. Ku ayana bahan ajar nu dicokot tina majalah, siswa bisa apal paguneman lian tur eusina mangrupa bobodoran nu bisa ngahibur siswa.

Manglé bisa ngabantu mekarna basa Sunda di masarakat. Salianna dina majalah, basa Sunda ogé bisa dimekarkeun ngaliwatan pendidikan formal di sakola. Ku cara nepikeun pangajaran basa Sunda ka siswa, dipiharep bisa leuwih

wanoh deui kanu basa Sunda ogé kanu budayana. Kamampuh nu diajarakeun di sakola ngawengku ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita.

Dialog mangrupa unsur wacana disawang tina interaksi sosial. dialog sipatna interaksional. Dina dialog anu dipentingkeun téh lain eusi, tapi komunikasi timbal-balik.

Pangajaran basa Sunda diwangun ku adegan basa, sastra, jeung kaparigelan makéna basa. Bahan pangajaran ngeunaan kabahasaan ngawengku pragmatik nu eusina ngawengku kapragmatisan wacana. Ngeunaan kapragmatisan wacana ambahanna lega pisan, salasihiji ambahanna nya éta ngeunaan konversasi nu di jero na ngabahas ngeunaan cara milih topik jeung cara mekarkeun topik omongan.

Ku kituna, dumasar kasang tukang di luhur panalungtikan “Analisis Paguneman dina Barakatak Mangle edisi Juli – Agustus 2010 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” perlu dilaksanakeun.

B. Watesan jeung Rumusan Masalah

Ieu di handap dipedar ngeunaan watesan jeung rumusan masalah dina analisis paguneman dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010 pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1. Watesan Masalah

Konversasi (paguneman) téh mangrupa unit pangjembarna tina interaksi basa, adegan paguneman atawa struktur koversasi mibanda pola, kaédah jeung prinsip nu tangtu.

Paguneman atawa konversasi boga adegan jeung pola nu béda-béda luyu jeung komponén laku basa SPEAKING atawa UNGKARA. Paguneman dina enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional). Éta sababna, paguneman ngalibetkeun panyatur/panulis, pangregep/pamaca, jeung kontak ngaliwatan medium basa.

Dina konversasi aya kaédahna, kaédah konversasi nya éta aturan-aturan nu kudu dikukuhan ku pamaké basa ngarah omonganana komunikatif. Ku cara kitu, waktu lumangsungna komunikasi moal muncul pamoyok “batur ngalér ieu ngidul” atawa “pasalia” (*misscommunication*). Jaba ti éta, kaédah konversasi téh baris ngawangun tahapan kamampuh basa (kompetensi) panyaturna. Ari kaédah konversasi téh ngawujud aturan-aturan wacana nu sipatna fungsional kayaning : (1) cara mikat hate nu lian, (2) cara milih jejer (topik) (3) cara mekarkeun topik, jeung (4) cara mungkas topik.

Sangkan pedaran teu lega teuing, ku kituna ieu analisis diwatesanan nya éta saukur nganalisis cara milih topik, jeung cara mekarkeun topik paguneman dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010 pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

2. Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah di luhur, ieu analisis dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Paguneman naon baé anu aya dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010?
- b. Topik nu kumaha nu kapanggih dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010?
- c. Kumaha pola mekarkeun topik nu aya dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010?
- d. Kumaha gambaran bahan ajar maca teks paguneman di SMP dumasar kana hasil analisis pragmatis dina Barakatak *Manglé* édisi Juli-Agustus 2010?

C. Tujuan Panalungtikan

1. Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsikeun guneman dina nangtukeun topik omongan jeung mekarkeun topik dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010 pikeun bahan ajar maca di SMP.

2. Tujuan Husus

Sacara husus dina ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun pikeun ngadéskripsikeun:

- a. paguneman anu aya dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010,
- b. topik nu kapanggih dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010,

- c. mekarkeun topik nu aya dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010, jeung
- d. bahan ajar maca teks paguneman di SMP.

D. Mangpaat Panalungtikan

1. Mangpaat Tioritis
 - a. Jadi bahan pikeun nu bakal nalungtik ngeunaan cara milih jeung cara mekarkeun topik dina paguneman nu bakal datang.
 - b. Bisa ngeuyeuban ngeunaan ulikan pragmatik, umumna paélmuhan basa.
2. Mangpaat Praktis
 - a. Ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan cara milih topik jeung cara mekarkeun topik dina paguneman.
 - b. Ngabantuan guru pikeun prosés ngajarkeun maca téks paguneman di SMP.

E. Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tapsir tinu maca, ku kituna judul ieu panalungtikan dijéntékeun dina wangenan operasional ieu di handap:

1. Paguneman atawa konversasi téh mangrupa unit pangjembarna tina interaksi basa, adegan paguneman atawa struktur koversasi mibanda pola, kaédah jeung prinsip nu tangtu. Paguneman dina enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional). Éta sababna, paguneman ngalibetkeun panyatur/panulis, pangregep/pamaca, jeung kontak ngaliwatan medium basa.

2. Barakatak nya éta salasahiji eusi rubrik dina *Manglé* nu eusina mangrupa bobodoran dina wangun paguneman.
3. Bahan pangajaran nya éta bahan atawa matéri nu ditepikeun dina pangajaran atawa kagiatan diajar ngajar. Ari bahan pangajaran basa mah eusina basa kaasup unsur-unsur basa.

Dumasar kana wangenan di luhur, bakal dibahas ulikan ngeunaan analisis omongan dina Barakatak *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010 pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

F. Struktur Organisasi Skripsi

- a. Judul
- b. Halaman pengesahan
- c. Pernyataan kaaslian
- d. Pangjajap
- e. Abstrak
- f. Daftar Eusi
- g. Daftar Tabel (lamun aya)
- h. Daftat Gambar (lamun aya)
- i. Daftar Lampiran (lamun aya)
- j. BAB I Bubuka

1.1 Kasang Tukang Masalah

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

- 1.2.2 Rumusan Masalah
- 1.3 Tujuan Panalungtikan
 - 1.3.1 Tujuan Umum
 - 1.3.2 Tujuan Husus
- 1.4 Mangpaat Panalungtikan
- 1.5 Wangenan Operasional
- 1.6 Anggapan Dasar
- k. BAB II Rangky Tiori
 - 1.1 Pragmatik
 - 1.2 Kapragmatisan Wacana
 - 1.3 Konversasi
 - 1.4 Bahan Pangajaran
- l. BAB III Desain Panalungtikan
 - 3.1 Metode Panalungtikan
 - 3.2 Téhnik Panalungtikan
 - 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data
 - 3.2.2 Téhnik Ngolah Data
 - 3.3 Populasi jeung Sampel
 - 3.3.1 Populasi
 - 3.3.2 Sampel
- m. BAB IV Hasil Panalungtikan
- n. BAB V Kacindekan jeung Rékoméndasi
- o. Daftar Pustaka

- p. Lampiran
- q. Daptar riwayat hirup panulis

